
RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: f 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi
kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris;
(apès: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
pisan, oetawi moendoet dados lengganan,
tepang rembag roemijn kalijan adminis-
tratie.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

— WARAWARA. —

— Minggoe poenika Administratie ngatoeraken wissel tagihan. Enggal koela atoeri netepi wadib. Sadérèk ingkang roemaos sampoen mbajar sah, mangka katoet ketagih, sampoen dados panggalih! Manawi wonten roeweting tagihan, miterang dateng Adm.!

— Manawi pandjenengan pindah, enggal kintoen serat dateng Administratie.

— Sampoen kesoepèn mratélaakken nomer lengganan.

Administratie.

I S I N I P O E N :

Lembaran 1.

Wara-wara saking Redactie—Moendoeripoen Goena - Krida Djawi — Ingkang kagoengan wadib moegi manggaliha—Jén kapaëloe, saé dasipoen — Dongeng — Njambeti satemboeng, kaih temboeng — Pakabar — Jén gagasan koela — Primbon National — Ontjén sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

Lembaran 2.

Andjoendjoeng baëgsa — Sadaja ingkang maëdahi sampoen ngantos itjal kasilep — Bezuiniging — Sinten neda lombok djempling, andjempling — Pilihan loerah doeso — Sajoembra — Klatèn — Poerwaredja — Saking Bodjanegara.

GOENA - KRIDA.

MOENDOERIPOEN GOENA-KRIDA DJAWI.

(Verval der Jav. kunstnijverheid).
Sambetipoen Sw. Tm. No. 39.

Oepami pandjenengan mireng-aken andar sabdaning Njonjah Resink-Wilkens pijambak, mboekmanwi ladjeng kraos mak pendek, lan keraos-raos kanti sempit sarta ngoenandika ing batos: „Hem, dadi kagoenan-krida Djawi ki wis mlo-rot nganti semono!” mBokmanawi pasambat pandjenengan dados kella-lara, prasasat sampoen boten kénging dipoeneneng-enengi. Éwasamanten meksa taksih wonten ingkang moeroegakan andjenggèlèk lan gregoo toemandang. Inggih poenika:

Sapisanipoen: kados ingkang kaseboet ing nginggil, sapoenika sampoen wonten pakempalan - pakempalan atoedjoe andjoendjoeng goena - krida kaplorot waoe. Lan angsal - angsalanipoen teka kénging kawastanan sampoen andadosaken mareming manah. Lah poenika rak dados tanda, jén bangsa kita Djawi djanipoen taksih katjonggah nge-dalaken barang pèni-pèni lan édi-édi; namoeng kémawon nélakaken oegi, jén befah banton wragad oetawi pitoentoen. Poenapa poenika njemplahaken badan? Poenapa malah boten kosok - wangsoelipoen? Inggih poenika: nenangi, soepados wontena banton wragad oetawi pitoentoen?

Kaping kalihipo: oepaminipoen ingkang kajewèn, kados taksih wonten ingkang remen nganggè, lan sapoenikanipoen inggih nganggè oegi bekakas - bekakas pèni-pèni kados djaman roemijn. Jén pandjenengan badé karsa mriksani poenika, tindaka dateng sad. Djawi, ingkang asring dipoenwastani „kaoem kolot” (hem!), nanging tindakipoen waoe sampoen kados toewan - toewan. Awit jén makaten, anggènipoen nampèni sasaged - saged badé tjara toewan - toewan. Woesana tjèrèt adepan, ketjohan, gantènan lss. sami dipoenelikken poenika rak badé bekakas kanggè toewan - toewan ta?

Saking pamanggihipoen Njonjah Resink-Wilkens moerid-moerid ing pamelangan Djw. kawoelanga pandamelan tangan, soepados goena-krida waes sagedénggal moemboel.

Lo kados-poeno tegesipoen poenika? Poenapa karsanipoen ing pamelangan Djawi sadaja tanpa pilih?

Jén karsanipoen waoe namoeng margi menggalih makaten: „sapa sing ndjaloek akèh, ikoe adaté moeng olèh satitik,” kados pantes dipoen-tjondongi sanget?

Nanging jén karsanipoen waoe pa-moelangan Djawi sadaja tanpa pilih-pilih, kados boten mokal manawi wonten ingkang godjag-gadjeg, malah doemoegi boten saged njondongi. Djalaranipoen: kados kirang prijogi, manawi moerid-moerid sadaja kadasos kemasan, sajang, toekang ngoekir, toekang natah, toekang nenoen lss., tjekakipoen: ingkang bêndjingipoen saged nindakaken goena - krida. Lah sapoenika kotjipa: soepados saged nindakaken kados mestinipoen, poenika ing se-waoe rak kedah anggadahi dedasar (talent, aanleg); kang mangka kados boten saben laré anggadahi dedasar waoe. Lan malih: ing djam-an sapoenika kados katah pendamelan sanès ingkang kedah di-pointindakaken, kedjawi goena-krida; kadosta: dagang, djoeroe serat, ngoesiri montor, nglampahaken endas-endasan sepoer lss. Tjiang se-daja waoe rak boten soesah gadah sesagedan olah goena-krida.

Namoeng kémawon jén karsanipoen Njonjah Resink-Wilkens waoe, soepados para moerid - moerid kagoelanga saged ngaosi dateng bekakas pèni - pèni lan édi - édi tjava Djawi, poenika pantes dipointjotjog babar pisan. Sebab remen dateng saé-saé lan édi-édi, poenika sampoen dados wewateking manoengsa. Inggih leres watek waoe asring boten ketawis, margi boten naté kagepok, kasroewé oetawi ti-narboeka; éwasamanten boten kénging kawastanan boten wonten. Malah jén katamataken, watak waoe boten kénging kapekak babar pisan, nanging kala-kala kedah ladjeng mentjoengelo. Dados nenangi remen dateng sroewa saé lan édi poenika boten nama mokal lan sok tijanga saged sarta kénging dipointetangi.

Namoeng weling koela: moegi anggènipoen dipointetangi waoe datenga pèni - pèni toewin édi - édi sedjati, soepados bêndjingipoen sageda toe-loes djoedoer anggènipoen remen dateng sroewa saé (een gezonde smaak heben).

Jén nenangi kesenengan dateng sroewa saé waoe katindakaken kados makaten kados ladjeng nama boten namoeng saged lan kénging kémawon, nanging malah presasat wadib; djalalaran remen dateng sroewa édi kanti djoedoer poenika klebet dateng babagan tindak-tandoek aloes (beschaving, cultuur). —

Kadjawi poenika taksih wonten goenaniopoeng ingkang boten keténgkélekan. Inggih poenika: samangsa para moerid kalantih remen dateng sroewa pèni, bêndjingipoen jén sampoen bawa pijambak rak ladjeng ingkang dipoenenengi namoeng bekakas-bekakas ingkang édi, lan ladjeng boten mawi go-djag-gadjeg noembas barang waoe, sanadana radi awis sakedik. Ingwoesana pesambat kados ing nginggil waoe: „Boten padjeng,” saged itjal; malah tjiang - tjiang ingkang damel bekakas oetawi sembet-sem bet, saged kapeka damela kanti goemati-ngati-ati, tjekakipoen alah goena-krida sajektos. Poenapa poenika boten mikantoekei sanget?

Klilana taksih njéntang sakedik malih. Poeneta pamanggihipoen Njonjah Resink - Wilkens: goena-krida Djawi kénging noelad goena-krida sanès, oegeripoen kanti pinikir.

Lah, poenika kados tjetjog kalijan toedjoening goena-krida. Goena-krida kebad notjogi dateng kabetahaning ngagesang lan dateng raos-raos. Sebab poenapa ta dipoenwastani

„goena”, menawi boten ngedalaken bekakas - bekakas oetawi sembet-sembet, ingkang anggoenani oetawi moerakabi? Lan sebab poenapa dipoenwastani „krida”, menawi boten soeka kemareman dateng raos-raosing manah ingkang kepengin dateng saé?

„Goena.” Gesang manoengsa poenika manoet djaman; djaman santoen, gesangipoen inggih santoen; lan kabetahanipoen ladjeng inggih gésèh kalian waoenipoen. Saréhning „goena”, waoe kedah tjetjog kalian kabetahaning ngagesang, dadas „goena” inggih kedah toemoet wolak-waliking djaman.

Inggih poenika „goena” waoe kedah anggadahi paningal wijar, lan manah ageng toer kendel lan bandel. „Panningal wijar”: soepados nganglang njoemerepi, poenapa ingkang dados kebatahanipoen djaman sapoenika. „Manah ageng toer kendel lan bandel.” soepados poeroen njakep lan noeloengi kabetahan waoe. Nanging kabetahan poenika asring² énggal, ingkang roemijnipoen dèrèng naté ngetingal. Jén makaten „goena” kedah gadah tékad kendel: boten adjirih lan minggrang-minggring jasa bekakas oetawi barang énggal, tjetjog kalijan kabetahan énggal, srana noe-lad dateng kanan - kering oetawi ada - ada pijambak. Tékad kendel: boten adjirih, manawi keplését. „Lan bandel”: Jén wonten keplésétipoen, ladjeng njat ngadeg malih lan ne-roesaken lampah. Tegekipoen: manawi akal-akalipoen sapisan dèrèng maremaken, sampoen ladjeng medot³ mopo, nanging akal - akal malih kanti ngoedi sagedipoen maremaken, krana ngleresaken lepat-ipoen lan nambahi kekiranganipoen ingkang sampoen.

Watek kendel lan bandel waoe boten namoeng soepados poeroen noelad lan ngladjengaken ada-ada, nanging oegi soepados wanten medot jasa barang ingkang sampoen boten tjetjog kalijan kabetahan. Oepaminipoen: ing satoenggiling dinten (poenika namoeng oepamèn, lol!) sampoen boten wonten tjiang malih ingkang anggantaran. Poenapa boten nama ngetjeh-etjeh wekdal lan ambebjètjer pendamelan, jén goena - krida taksih teroes ngedal-aken gantènan-gantènan, sanadana samedaning dèrèng naté nanding tjiangkir Djepan kalijan tjiangkir Éropah? Poenapa boten pirsa bédapiroen? Lah, sakting poendi bédapiroen waoe? Poenika kabekta sa-king poen „krida” „Krida Djepan” bédaproen krida „Éropah.”

Makaten oegi, manawi goena-krida Djawi bédé jasa poenapa - poenapa ingkang kénging kawastanan Djawi toelèn, barang-barang kedah boten namoeng tjetjog kalijan kabetahan, nanging kedah oegi maremaken, ngesrekaken raos Djawi; liripoen: sadaja waoe kedah alaras Djawi, atjéngkok Djawi, atjakrik Djawi. (jav. stijl en smaak).

Inggih poenika kados boten wonten alanganipoen, manawi jasa oepaminipoen pola énggal, kados: kapal api, kanggè adeg-adeging pola, oegeripoen kapal api waoe ginambara kanti tjéngkok Djawi, toer boten saged damel kisroehing penjawang, manawi sindjang bêndjingipoen kaanggè.

Jén makaten kados inggih oegi boten wonten pakèwedipoen, manawi

noelad dedamel (werkuit) oetawi malih techniekipoen bangsa sanès; awit poenika rak namoeng badé anggampilakan lampahing goena - krida lan mijaraken dijadahaniipoen; dados boten badé medjahi, nanging malah moelangi.

* * *
(badé kasambet).

PRADJA RAHAJOE.

INGKANG KAGOENGAN WADJIB MOEGI MANGGALIHA!

Wonten ing Sw. T. no. 36 tg. 5 Spt. sd. Singgih ngendikakaken bab rékanipoen tjiang pados arta, lan ing salebeting orejan ngrikoe wonten tetemboenganipoen ingkang moelang arta tjoek. Gandèng lan temb. arta tjoek, ing ngriki koela badé matoer sakerloenipoen.

Sampoen antawis dangoe ing doe-soen Ngemplak kl. Plasa, onderdistrik Ngloewar (Salam) rinten-daloe-tansah ramé tjamboehing botoh main saking poendi - poendi panggénan. Déné ingkang ngagengi langkoeng-langkoeng saking Bligo saki-tengenipoen. Lan ingkang dateng wonten bank makaten waoe, mila sambatipoen kawoela alit padaessoen-an ngantos nandes - ngeres roem-a-solek baloeng soengsoem, tjiang-tjiang katal ingkang sami kekiran reka margi namoeng betah jatra sakedik. Saréhning sadérèk doesoent betahipoen sakedik 3 roepiah njengkaniipoen 5 roepijah, mangka njamboet dateng bank - doesoent boten wonten, dateng bank - ageng alias afd. bank tebih toer asring kémawon boten saged maremaken, gél betahipoen namoeng sakedik, dados kapeksa nabruk tjiang Arab lan Singkèk ingkang boten sakedik anakanipoen, sarta malih roemaipoen tjiang - tjiang doesoent étja kémawon waton saged angsal sambatoen . . . Adoech kasihan, sajung saudara!!!

Sapoenika mangsoeli bank - doe-soen, jén saben onderdistrict satanah Djawi sampoen wonten bank-ipoen, mèndah saéniipoen . . . ! Onderdistrict panggénan koela dèrèng wonten bank makaten waoe, mila sambatipoen kawoela alit padaessoen-an ngantos nandes - ngeres roem-a-solek baloeng soengsoem, tjiang-tjiang katal ingkang sami kekiran reka margi namoeng betah jatra sakedik. Saréhning sadérèk doesoent betahipoen sakedik 2 roepijah, mangka njamboet dateng bank - doesoent boten wonten, dateng bank - ageng alias afd. bank tebih toer asring kémawon boten saged maremaken, gél betahipoen namoeng sakedik, dados kapeksa nabruk tjiang Arab lan Singkèk ingkang boten sakedik anakanipoen, sarta malih roemaipoen tjiang - tjiang doesoent étja kémawon waton saged angsal sambatoen . . . Adoech kasihan, sajung saudara!!!

Sanésipoen poenika taksih katah akalipoen woekers ing padaessoen-an, langkoeng² bangsa Arab anggènipoen noeloeng pentoeng sadérèk doesoent; tjobi kagalih pandjang! Soeta na-nem kadelé, djagoeng, katjangbrol, sata dèrèng wantjinipoen ngoendoeh, kapeksa betah jatra sakedik 2 roepijah agengipoen 5 roepijah, ladjeng kémawon poeneta papaning tjiang gadah damel oetawi tjiang bajèn; tetep pantji ngedegaken pakempanan permainan. Déné ingkang dados toedjoeanipoen ngedegaken permainan waoe: 1e saged tansah kekempanan lan kantjantja botoh, lan 2e saged mendet kaoentoengan saking arta tjoek kados ingkang dipoenengdikakaken sd. Sg. ing Sw.T. kasebat nginggil.

Permainan ing ngrikoe boten na-moeng nganggè kertos kémawon, dadeo poenapa oegi ramé. Tjekakipoen maneoet kasanenganing botoh.

Saking raméning permainan ngantos saged ndatengaken bakoel tetedan werni-werni, wonten bakmi, tahoë, ès, sekoel sanésipoen teksih wonten malih.

Namoeng ingkang koela goemoeni poenika, ingkang wadib ing ngrikoe teka anggènipoen ngèndelaken kémawon. Poenapa mergi dèrèng priksa? Ah, genah mokal, tjiang saben dinten ngadep teka boten priksa. Lah, poenapa mergi boten mangertes jén ingkangmekaten poenika saged noewohaken reresah werni - werni, kados déné tjoelong-pendet, kerengan lan sesaminiipoen!

Jén makaten kados kok inggih boten! Ladjeng poenapa sebabipoen dipoenenkendelaken kémawon? Poenapa mergi adjirih?, koewatos jén ladjeng dipoenbentéri? Sadjak - sa-djakipoen teka inggihmekaten.

Namoeng jén njata makaten, poenapa boten nama saroe poenika?

Gék ladjeng perloenipoen poenapa

pinilih dados sesepoehing padoe-soen-an ngrikoe, jén élik - élik pendamel ingkang tjalon damel resah dipoenendamel adjirih. Wondéne jén anggènipoen ngèndelaken kémawon poenika mila pantji dèrèng ngertos, ing riki koela socka soemerap, lan moegi énggal kapriksa saha kabinarna, moempoeng tjara tetanemaniipoen dèrèng ngantos medal ojodipoen ladjar.

koela: P. Ragil.

ECONOMIE.

JÉN KAPAELOE, SAÉ PAÉ DAHIPOEN.

Ing onderdistrict-onderristrict tanah Djawi sampoen katal bank-doesoent, andadosaken kamajaranipoen karoem tani, nanging oegi tak-sih katal onderan ingkang dèrèng wonten bank-ipoen doesoent. Bank-doesoent katal sanget paédahipoent dateng sadérèk doesoent, sabab sa-wantji-wantji tjiang - tjiang waoe be-

REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

1 taoen . . .	f 6,—	njoewen kabajar

<tbl_r cells="3

Sambetipoen Sw. Tm. No. 38.

Saladjengipoen Nagari noenten kasamèk-samèkaken kalijan Pas. Soeti.

1e. Menggahing asalipoen, nadyan kalih pisan poenika sami saking Allah, nanging meksa wonten bédanipoen. Negari makaten (ingkang wontenipoen) karana: manoengsa kinodrat kedah gesang sesarengan pinanganipoen saking Allah krana lantarar (mediate a Deo). Pas. Soeti poenika asalipoen saking Allah tanpa warana (immediate a Deo), sabab ingkang jasa Goesti pribadi, tanpa lantarar tijang.

2e. Kalestantoenanipoen (de duurzaamheid) Negari goemantoe dateng kabetahanipoen manoengsa, ingkang sampoen tjoemitaq wonten ing kodratipoen. Wangsoel P.S. mitoeroet pradjangdianipoen Goesti, „usque ad Consummationem saeculi” ngantos saboedjading djaman. Sarta agengipoen, mengkoe sadajaning bangsa, katjeta dawoeh Dalem: „euntes docete omnes gentes” Loengaa lan sakabéhing bangsa woe-langana!

3e. Menggahing pangwasa, ingih leres pangwasaning Nagari poenika asal saking Allah; nanging saladjengipoen katata manœt kadjeng lan pandamelipoen tijang, (mediate a Deo). Béda lan pangwasa sâle-beting Pas. S. poenika teroesan saking Allah (immediate a Deo). Toemraping woedjoedipoen oegi sampoen katemtokaken. Nadyan ingkang ngembani pangwasa katemtokaken déning pamilihipoen tijang, nanging toemraping pangwasanipoen pijambak sampoen boten kenging kâ-éwah-éwah menggahing woedjoed, ageng lan s.s.

Ing riki Djoeroe sabda ladjeng ngrembag: toedjoening Negari. Moerih terangipoen Djoeroesabda ngrembag toedjoening Pas. Soeti roemijn, i. p. *adeptio salutis aeternae*, ngangsalaken kawiloedjengan langgeng, poenika poking toedjoe (laatste doel), déne toedjoe ingkang adakan (naaste doel): „Hominum sanctificatio in hoc vita”, noetjékaken tijang gesang poenika, sabab Pas. S. ngladjengaken pakarjanipoen Goesti rawoeh ing boemi. Nadyan P. S. poenika pokokipoen meleng kaswargan, éwadéné saking pangandikanipoen kg. St. Rama Leo XIII, P. S. oegi ngadjengaken barang kadonjan ageng sanget, ngantos oepami P. S. poenika madegipoen namoeng mligi ndjangka barang rohani tok, pikantockipoen boten badé langkoeng ageng tinimbang kalijan sapoenika poenika. Sapoenika poenapa toedjoening Nagari? Ngangsalaken algemeen welzijn (kawiloedjengan oemoem). Poenapa tegesipoen bonum Commune oetawi algemeen welzijn poenika? Mitoeroet piwoelang Katholiek poenika boten namoeng ateges barang kadonjan, nanging oegi barang kasoekman. (Zedelijke goederen).

Langkoeng² ing babagan „Zedelijke taak” poenika Nagari kabantoe P. S. Pambantoneipoen ingkang nomer satoenggal i. p. anggénipoen P. S. maringi moreele grondslag dateng wontenipoen pangoewaos ing dalem Negari sarta anggénipoen ngadjengaken goede zeden (*laksita dharma*). Ing Encycl. „Libertas” prakawis poenika dipoen-genah-genahaken sanget. (oep: itjalipoen réntjang toembasan, wontenipoen de rechtgelijkheid lan de ware broederschap onder alle menschen). Ageng sanget dajaniopoen P. S. ing babagan cultuur, kunst en wetenschap, tjekek-ipoen babagan beschaving.

Negari sampoen kabantoe dateng P. S. Kosok-wangsoelipoen Negari oegi kedah mbantoe P. S. moerih gampiling katjepengipoen toedjoe.

Pambantoe waoe, saking pangandikanipoen kg. St. Rama Leo XIII, langkoeng² Negari kedah ngakeni kasoection lan kamogananing agami, ingkang dados tetalingin manoengsa kalijan Allah. Dados manoengsa poenika kapasrahaken dateng pangoewaos kalih warni, P. S. kalijan Negari. P. S. kaggé ndjangka barang rohani, Nagari kaggé ngoedi prakawis djasmani.

Nitik poenika Negari lan P. S. poenika gegandéngan raket sanget, kados sadérèk toenggil jajah réna. Boten teka djaduhanipoen pangoewaos kekalih waoe wor-soeh makaten; kalih-kalihipoen sami pilah², kawatesan dateng kodrat lan toedjepoeng ingkang adakan pijambak. Ing wewengkonipoen pijambak², satoenggil-toenggiling pangoewaos waoe sami mandirèng pribadi.

Babagan poenika preloe sanget gandeng lan wontenipoen vraagstuk, deverhouding van Kerk en Staat. Prakawis poenika wontenipoen (‘t kern-punt) langkoeng² doemoenoeng wonten ing bédanipoen toedjoe waoe.

Kaggé Nagari, toedjoe ingkang adakan: ngadjengaken kadonjanipoen manoengsa. Toemrap P. S. maksoedipoen ingkang adakan: noetjékaken tijang. Nangang kalih-kalihipoen, lenging poengkasanipoen sami, i. p. ngaragh Goesti Allah. Mila Nagari lan P. S. kedah samenwerken (= toeloeng-tinoeloeng). Wontening toe-loeng-tinoeloeng waoe mitoeroet piwoelang Katholiek perloe sanget, kados wontenipoen dijwa lan raga. Mila tijang Katholiek poenika principieel anti kalijan scheiding Kerk en Staat; sarta ingkang rinoengkeban (standpuntipoen): toeloeng-tinoeloeng (samenwerkung), karana actionum concordia et mutatione officiorum, door eendrachtig handelen en wederkeerige dienstvaardigheid, kados oengeling Encycl. Libertas. Sapinten wen-wenangipoen satoenggil-toenggiling pangoewaos waoe ing dalém prakawis ingkang gegajoetan, poenika tijang kedah ngoengak poendi toedjepoeng ingkang adakan (‘t naaste doel) satoenggil-toenggiling pangoewaos waoe. Prakawis ing panggénan ingkang principieel grondslag waoe botea saged toemindak, P. S. ladjeng pados margi sanès, sarana Compro-mis, poenika boten ateges njelakini beginsel ingkang medal saking piwoelangipoen.

Nitik toedjepoeng Negari, ndjangka kawiloedjengan oemoem, ingkang oegi ateges, kawiloedjengan kasoekman, poenika tjetja sanget, bilih Nagari makaten kedah ngakeni wontenipoen Allah lan Agami. Mila dawoeh dalem kg. St. Rama Leo XIII ing Encycl. „Immortale Dei”: „De natur en de rede, die de afzon-derlike personen gebiedt God heilig en vroom te dienen, omdat wij in zijn macht zijn en wij, van Hem uitgegaan, tot Hem moeten terugkeeren, bindt ook door eenzelfde wet de burgerlijke gemeenschap. De mens toch, in een maatschappij vereenigd, zijn niet minder in Gods macht dan de afzonderlijke personen, en de maatschappij is aan God geen geringer dank verschuldigd dan de enkelingen.” Lan ing dalem Encycl. „Immortale Dei”: „Civitates non possunt, citra scelus, gerere se tanquam si Deus omnino non esset.” Tanpa kenging wewelak, Nagari poenika boten saged atradjang kadosdéné boten wonten Allah bubar pisan. Doemoegi samanten sesorahipoen sad. Dwidjasoesana, ingkang pantes koela atoeraken ngriki.

Verslaggever C. C. Solo
Gampang.

wis dongeng koela kaseboet. Ing ngriki kaparenga koela nirokaken sakedik omong-omongan koela kalijan memitran koela Sm. waoe, tjekek aos makaten: (Njoewoen pangapoentoen para maos, ing ngriki koela serat ngoko, amargi omong-omongan koela waoe oegi ngokongokan). Sm. Sliramoë koewi pantjén loetjoe tenan.

Sg. Lo, loetjoe kaprijé tal apa akoe ki ngloetjoni?

Sm. Ija bener ora nglotjoni, nanging olehmoe nganéh-anéhi koewi; hlawong ngritig kok ngritig awaké déwe, sadjegkoe seneng matja koran, lagi toemon sliramoë tok, ambok ija ngritig ing lijan, hlawong ing kéné ija pantjén ora koerang baé kok; anggeré moeng sabeneré rak ija ora dadi ngapa, malah jén ngroemangsani, bisa maréni, wekasan bisa kepénak oeripé, rak ija dienggo - erigo déwe.

Sg. Hla ija bener, oepami akoe ngandakaké lelakoné si Soeta, si Naja, si Dadap, si Waroe, toer

tangga karo akoe.
Sg. Ngéjté kaprijé?
Sm. Dêwéké rerasan mangkéné: sanadana akoe moeng njamboet gawé tijdelijk, kaanankoe mangsa kalaha karo sing njamboet gawé vaste.

Sg. Aah mongsok ta, hlawong seta-oené moeng njamboet gawé limang (5) sasi kok bisa ngéjté karo sing njamboet gawé teroesan, wah mangka bajarmoe menang akéh.
Sm. Loo! Tenan ning sing di-endel-endelak anggoné golék pasoe-gihan, golek pelarisan, amarga bodjoné bakoelan.

Sg. Oo, dadi jén mangkono dêwéké ngawoela setan.

Sm. Ija.

Sg. Hla seliramoë apa ngandel, jén sandang pangané maoe saka anggoné golék pasoe-gihan?

Sm. Ija ngandel baé, tandané kanaané ing kono, paméré nobat-nobataké.

Sg. Mesti baé, hlawong bodjoné bakoelan, dadi sangkané sandang pangan maoe ora saka anggoné golék pasoe-gihan, nanging saka anggoné bebakoelan. Manawa seliramoë ora ngandel, njobaa, sadina goléka pasoe-gihan ping pitoe apa ping pira, ning seliramoë sekaroné nganggoera (adja bakoelan) mengko rak ora éntoek barang-barang. Wis ah, adja di-teroesaké, hla kok kedawa-dawa ngremboeg wong ngawoela setan; omong lijané baé.

Sm. mBaléni omong bab dongéngmoe baé.

Sg. mBaléni kaprijé?

Sm. Akoe bijén sadoeroengé njamboet gawé njang kéné, wis taoe njamboet gawé njang boschwezen, blandjakoe loewih akéh tinimbang njang kéné, ning lelakonmoe ija pada karo lelakonmoe, saben abis boelan koewi angger arep rékareka njeléngi, ora bisa klakonklakon. Nganti akoe déwé dak

VAN LITH-STICHTING

SOEMANGGA
SAMI DADOS
CONTRIBUANT
V. L. S.

Penningmeester V.L.S.
p/a 2e. Convict
Moetilan N. I. S.

peksa déwé koedoe njeléngi; ija bandjoer klakon njeléngi, nanging lebar njeléngi let ± 10 dina ndak djoepoek manéh; abis boelan dak iséni manéh, ija ora antara dina didoepoek manéh, pèndéké angger njeléngi, let dina ija didjoepoek, soewé - soewé nganti akoe bosen njeléngi, moeng saldo sa-roepijah. Bareng akoe lèrèn saka panggawéjan, nganti nganggoer sawatara sasi, ija moeng nisil dridji tok.

Prakara koewi pantjén moeng saka njat, kaantepané njat moeng milih salah sidji, ndadi apa mari.

Sm. Ija pantjén ngono; sakiné bareng seliramoë saoewisé ngroemangsani kedjeglong ngarep maoe kaprije?

Sg. Saikiné ija bakal dak ati - ati, adja nganti kaja lelakon sing oe-wis - oe-wis, amarga saiki para djempolaning pakoempolan - pakoe-mpolan akéh sing pada ngoedi „Merdeka,” mangka saka pane-moeke oerip merdeka maoe koedoe nganggo sangoe pawitan, moelané saiki koedoe andandani economie disik, perloening ing mbesoek manawa bisa merdeka bisa merdeka tenan, hija sing tenan merdekané, kosok-baline jén econome isih morat - marit arep merdeka, merdeka-kepripoen mandoblang, arep bakoel ora doewé doewit, arep dadi tani ija koedoe nganggo doewit, dadi kabéh-kabéh koedoe nganggo doewit, apa manéh jén pinoedjoe kasoe-sahan, jén ora doewé doewit, rak ija tambah soesahé.

Kadjabo saka ikoe, kita koedoe ngroemangsani jén dadi kaoem boeroeh (toekang golék doewit), dadi adja nganti rojal-rojal ange-tokaké doewit sing tanpa perloe. Sm. Ija, prakara anggak-anggakan ing kéné baé pantjén ija ora koerang, tandané jén ngarepaké dina bajaran, koerang sadina rong dina baé kantjakoe déwe woes pada kekes. Hla malah koewi tjark timbang teboe ing kéné dik M. hlawong njamboet gawé tijdelijk baé, bisa ngéjté akoe, toer omah

tangga karo akoe.
Sg. Hla, hija, saiki jén poenggawa

Maos seratiopoen sad. B. Soegija ing Sw. T. No. 39, koela kapeksa badé nglahiraken poenapa ingkang dados kandoetan koela: Inggih poenika boten sanès namoeng kageting manah, goemoen lan éman, awit boten nginten jén sadérèk koela satrja Kath. namoeng semantan kasatrijanipoen.

Ing batos tansah memoedji: mbok adja njata, awit koela inggih tomoet wirang jén sadérèk koela badé ngesoraken lénggahipoen, margi sakking anggénipoen boten netepi ka-satratjanipoen.

Sinten ta W. K. poenika, rak sa-dérèk kita pijambak, sadérèk éstri ingkang pantes dipoenajomi jén

wonten bebaja — pantes dipoen-srengeni jén gadah tindak kang tan prajogi. Poenika tandanipoen karesan sedjati.

Gotrah Kath. poeta-poetri, nginggalna karesan kita dateng se-sami, menggaliha dateng kawontenan W. K. oegi, awit awon saé kida sadaja toemoet njanggi. Wasana bab pedjah — gesang — adjeng — oendoeripoen kanton soemanga sadérèk Kath. sadaja. Namoeng poenika atoer koela lan panoewoen koela bab ingkang kawedad sad. B. Soegija, sampoeng ngantos dipoenkapping kalih, want ik heb mij broeders steeds hooger geschat.

C. H.

PRIMBON NATIONAAL.

PRAKAWIS AGAMI.....

Dr. Soekiman, djempolan P.S.I.I., petjroh kalijan Dr. Soetama goe-goenoeng Studieclub, pangarsa P. P. K. I.

Poenapa sebabipoen? Margi, ing s.k. *Swara Oemoem*, ingkang dipoenkemoedéni golongan Studieclub, ngewrat artikel „Bédanipoen Digoel kalijan Mekah.”

Koela boten perloe mratélaaken, kados-poendi artikel waoe. Nanging perloe pandjenengan tjatet: Karangan poenika tinampi *njeriket* déning golongan Islam. Katah tjabang - tjabang P. S. I. I. ingkang nglahiraken boten narimahing manahipoen. Ngantos kelampahan, (— kados ingkang sampoeng naté kawartosaken ing Sw. T. ngriki —); golongan Islam ngantos kelampahan openbare vergadering, nantang golongan *Swara Oemoem*. Nanging péhak *Swara Oemoem* boten poeroen dateng.

Doemoegi sapriki pasoelajan waoe déndering wonten mendanipoen. Malah saged oegi taksih wonten boentoet-ipoen nglawér pandjang.

Koela pantjén boten njat tjawé-tjawé kalijan pasoelajan poenika.

Anang, sasampoenipoen njoe-merepi kawontenan makaten, anetepi wadzbining journalist, koela namoeng soeka tjatetan dateng pandjenengan sadaja: „... Prakara Agama, prakara kabatinan, koewi pantjén prakara gawat. Nék ditjetjamah, diala - ala, diérang - érang, bisa kelakon noe-woehaké kedadéan sing ora betjik.”

Koela mangertos, ing Mataram wonten koran Islam, ingkang saben-saben medal damel rubriek ngawon-awon Agami Kristen (Katholiek lan Protestant).

Sapoenika, ing Indonesia wonten kedadosan pasoelajan prakawis Islam kalijan Digoel. Golongan Islam mrekitik, margi roemaos dipoentjatjamah kaantepanipoen.

dibeziuning, mengko economie-né ketanggor sing isih morat-morit kaja akoe iki, harak ija sida kepripoen.

Sm. Hja wis ta, wis rada bengi, akoe lilanana moelih.

Sigeg samanten djalanan memitran koela waoe ladjeng pamitan man-toek.

Koela laré doesoen Kedoengbanteng SINGGIH.

VARIA

NJAMBETI SATEMBOENG-KALIH TEMBOENG.

Ing Sw. Tm. no. 37 dipoentjrijosaken: „Poetri Klatén woengoe saré”. Inggih poenika ingkang badé koela sambeti sakedik-kalih kedik. Koela bingah sanget, déne ing Klatén oegi sampoeng wonten pakempalan para.

Sapisan malih pamaos koela dateng karangan poenika, awit badé ngertos saëstoë toedjoening pakempalan. Kajtrijosaken bilih wonten ing pak. ngindakaken dateng sadérèk kita ing Kl. Samangsa ing Kl. wonten pak. W. K. temtoë sekétya toemindaking gesang ing pakempalan, toer malih ngindakaken pitepangan, sarta sadérèk ingkang dèréng patos ngertos waoe mindak ing seserepanipoen.

Pandjenengan ta sampoeng manger-toes manawé pak. W. K. poenika saé sanget pandamelanipoen. Saréhning sampoeng katala toeladanipoen, poenapa boten badé toemoet ada-ada? Djandji ingkang nginggil marahi, ingkang alit temtoë mempeng. Soemanga sami ngadjengaken bangsa kito roemijn, inggi poenika bangsa Kath. Lah bénching jén sadérèk kita pijambak sampoeng madjeng, noenten sami sesarengan mitoloengi sanès. Samo poenika roemijn.

Ing wasana sanget ing pangadjeng-adjeng koela, moegi énggal kalek-sanana ing Kl. wonten pak. W. K.

Koela wanita Klatén ing Soerabaya.

8/9-30

KABAR KATHOLIEK.

Retrèt Moentilan.

Retrèt ing Moentilan ingkang kapengker poenika, ingkang ndérèk wonten prijantoo 66.

P. Soekiman santoen asma.

Kita pikanteuk pawartos, pandjenenganipoen Rama Pastoer Soekiman, sapoenika santoen asma Prawirapratama.

Ngleresaken.

Kalih minggoe kapengker Sw. T. ngewrat pawartos bilih pandjenenganipoen P. de Lange kasangan anggènipoen noempak monitor. Poenika boten njata. Leresipoen P. Mennesse. Tatoo-tatoenipoen boten wonten ingkang moetawatosi. Njoeweno pangaksama!

Wandawa Katholiek Amerika.

Manoet tjetetan opisijil wedalan taoen 1930 ing cath'oliek Director, kala taoen kapengker poenika, tjetahipoen tjiang Katholiek Amerika Sarékat (- Alaska lan poelo-poelo boten kapétang -), langkoeng saking 20 mlijoen. Goenggoeng kempal sapoenika wonten 20.078.202 djiwa (djiwa ing ngrikoe sadaja wonten 122½ mlijoen).

Manawi Alaska kalijan Hawai kapétang, djiwa Katholiek waoe wonten 20.112.758.; dados mindak 91.000.

Ing saekoeban Katholiek Amerika ngrikoe gadah Kardinal 4, Maha Biskop 12 lan Biskop 102. Tjetahipoen Imam ing Amerika Sarékat kémawon 26.925. Tjetahipoen Grédja 18.166, poenika mindak 230, tinimbang kala taoen kapengker.

Tjetahipoen sakolahan seminarie 135, gadah siswa tjalon Pastoer 16.300. Boten kirang saking parochi 7225, ingkang gadah sakolahan pijambak, moeridipoen 2.248.571.

Pamoelangan tengahan lan inggil wonten 962.

Grija pamijara laré lola 329, isilalaré lola 51.523.

Tjetahipoen grija sakit 624, saben dintenipoen ngrimat boten kirang saking 100.000.

Béndjing poenapa wandawa Katholiek bangsa Indonesia noetoeti kamadjenganing sadérèkipoeng ing Amérika??

M. Soejoed Martasohardja dasos goeroe basa Djawi ing Leiden.

Sadérèk M. Hubertus Soejoed Martasohardja, roemijn wedalan Kweeks. Moentilan, lan inggih sampoen naté dasos goeroe basa Djawi ing Kw. S. Moentilan, sarta wasananipoen dasos adjunct taalkundige ing Balé Poestaka, kaangkat dasos maha goeroe basa Djawi ing pamoelangan loehoer Leiden.

Manoet seratipoen, tindakipoen sadérèk waoe saking Indonesia bén-djing tanggal 22 Oktober. Garwan poetranipoen nem sami kabekta. Béndjing tanggal 7 Oktober, pandjenenganipoen dateng Ngajogjakarta, wonten ngrikoe sawatasiswa dinten, preloe pamitan kalijan sadérèk-sadérèkipoeng.

Kita ngatoeri kasoegengan, lan moemoedji wiloedjeng.

Serat kabar minggon.

Ing Batawi badé wonten serat kabar Katholiek minggon mligi känggé preloenipoen Agami.

Pindah dateng Wedi.

Saking péhak ingkang kenging pinitados, koela mireng pawartos bilih sadérèk I. Kasima Endrawahjana, pangarsa H. B. P. P. K. D. badé pindah dateng sakolahan tani ing Wedi, Klaten.

Manawi kabar waoe temen, begajanipoen sadérèk ing Wedi.

G. H. B. oegi kapéngin gadah wakil wonten Raad Kawoela.

Ingkang dipoenkandidataken: sadérèk Atik Soewardi, Andaga Wedijkarsaja, toewin Prawiradinata.

Njalingkoehaken arta 100.000 yen.

Locomotief njarijosken, kala 29 September poelisi Bandoeng nje-peng tjiang Tionghoa anama Cheng Chung Ngai. Tionghoa poenika waoe sampoen dangoe dados padasan margi njalingkoehaken arta 100.000 yen gadahanipoen satoenggiling bank ing Djepang, i.p. Duitsch Aziatisch Bank, bawah Kobe.

Tilas Goepernoer dados journalist.

Manoet tjarijosoepen Aneta, pandjenenganipoen toewan Jasper, tilas goepernoer Ngajogjakarta, bén-djing sakeshipoen t. van Meurs hoofdacteur Java Bode sapoenika, badé anggentosi toewan waoe, margi t. van Meurs sawangsöeliipoen saking Nederland boten badé wangsoel dateng Java Bode malih.

Djamam malaise.

Darma Kanda njarijosken kawontenan Soerakarta: sampoen malihi karét, sindjang, gendis botena medeng, boten saged amboetjal; tjetak oewos ingkang saben tjiang ambetahaken meksa kataman medeng-medengan. Ing wekdal samangké, ing doesoen ngadoesoen soédagar oewos sami andjerit, sabab boten saged njadé daganganipoen. Mirit ingkang sampoen-sampoen wantjunganpoen, ingkang samingan saking.

Post oedara Nederland — Indonesia.

Pranatan opisijil.

Wiwit 25 September, post oedara Nederland — Indonesia, dipoenajati malih. Saladjengipoen montor maboer K.L.M., pangkatipoen saking Amsterdam 2 October, 6 Oktober, 30 Oktober enz., datengipoen wonten Medan tanggal 5 Oktober, 12 Oktober, 26 Oktober, 9 November, enz. . . . , ladjeng dinten tjadakipoen doemoegi ing Palémbang, Betawi toewin Bandoeng.

Wangsoelipoen saking ngrikoe: bidentalipoen saking Bandoeng: 17 Oktober, 31 Oktober, 14 November enz.

Dintenipoen ingkang kapisan ingkang dipoenambah Bandoeng — Weltevreden — Palémbang — Medan.

Pangkatipoen saking Medan dinten Setoe. Pangkatipoen saking Nederland miriki, oetawi saking Indonesia dateng Nederland kaangkah-angkah sageda 12 dinten.

In margi Bandoeng, Weltevreden, Palémbang, Médan (késah wangsoel) oegi ambekta bektan serat-

serat post kanggé salebetung nagari (binnenland) Waragadiopen kaangkah sami kados waragad ing K.N.I.L.M.

Kanggé serat binnenlandsverkeer 10 sén saben 20 gram. Dados serat

ingkang wawratipoen kirang saking 20 gram, kakintoenaken saking Soerabaya oetawi Bandoeng dateng

'sGravenhage, manawi kabekta monitor maboer doemoegi Médan, saking

ngrikoe ladjeng kakintoenaken medal kapal mail, poenika kenging waraga

post oedara 10 sén. —

Konprensi Boepati.

Onderneming ing Goenoeng Sindoor, bawah Borneo, djembaripoen 1200 baoe, wiwit 1 October poenika dipointoetoe. Dajaning malaise!!

Pitoeloenganipoen Tiongkok.

Gandèng kalijan kobongan ing Pontianak ingkang andadosaken kaitoenoenipoen sadérèk Tionghoa katalah, paréntah Kabangsan anda-

woehaken dateng Ministerie Arta soepados ngedalang arta 50.000 yen kanggé mitoloengi tetjiang Tionghoa waoe.

Pamaréntah provincie Kwantung oegi andarmani 50.000 yen. Paréntah provincie Fukien andarmani 20.000 yen. (Keng Po).

Prakawis Chotbah Mesjid.

Nera martosaken saking Pasoe-roewan bilih tjabang Moehammadijah ing kita ngrikoe aneda dateng ingkang wadjib, soepados chotbah-chotbah ing salebetung masjid, mawija basa Djawi, perloenipoen saben tjiang sageada mangertos.

Prakawis poenika dipoeneman-takken déning kaboepatén dateng para wadana toewin ngoelama ing koekoeban ngrikoe.

Sapoenika wonten pawartos, oe-soel waoe boten dipointondongi ngoelama-ngoelama, awit manawi mawija basa Djawi koewatos mbok-bilik tetjiang boten sami ngaosi dateng chotbah.

Bebaja ing Likasan.

Gandèng kalijan babaja ing Li-kasan kala 18 Mei, toewin Grondijs satoenggiling sardjana geoloog sampoen ngladosaken palapoeraning paniti-priksaniopoen.

Palapoeran waoe mratélakaken:

1. Babaja waoe margi bandjir lahar ingkang doemados déning djoegroeging siti ing Lampung goenoeng Ngebel, kabekta djawah deres.

2. Saged oegi bén-djing mangsa djawah saged andjoegroegaken siti malih ingkang ladjeng andjalari wontening lahar-lahar malih.

3. Anjegah wontening djoegroegan siti ingkang saëstoe, angèl sagedipoen. Ewadéné inggih saged ngajomi dijwaning tetjiang toewin kewiwan ing satjelakipoen, i.p. sarana anjoewoengaken doesoen-doesoen ingkang andap. Oetawi, manawi wragadiopen boten kekatahen, doe-soen-doesoen waoe kedah dipointanggoeli séla, sarta ingkang dipoenmakatenaken waoe ingkang ka-roemjinaken prajogi ing doesoen Kalimas. (Locomotief).

SAKING MATARAM.

— Kala Agoestoes, tjetahipoen tjiang ingkang neda pitoeloengan madosaken pandamelan dateng ing Kantor Pakarjan Ngajogjakarta: Indonesiërs 189, Walandi 49; lan ingkang saged angsal padamelan Indonesiërs 47, Walandi 9. Ing akiring verslag woelanan, kantor waoe taksih gadah tjetetan tjetahipoen tjiang nedam pandamelan Indonesiërs 942, Tionghoa 26, Walandi 251.

— Tetjiang ing Poerwakinanti toewin Djajengprawiran, saking tarékahipoen sa-wenéhing sadérèk, sami tjetantoe nedya angitjalaen grijja-grijja pasoendelan ing kampoeng ngrikoe. Moege-moege sageda kaboeban.

— Sadérèk Tédjamatara, waoenipoen panontoentoen kominis ing Ngajogjakarta 24 September tilar donja wonten Digoel.

Toekang métang djiwa dipointoetowan.

Toekang métang djiwa bangsa Atjih, nama Brahim Nay ing Sigli, kala nindakken wadjib dipointolawan bangsa Atjih oemoer 70 taoen, nanging wiloedjeng boten tatoe awrat, Tjiang sepoeh waoe kala katjepeng. boten mratélakaken sebabipoen toemindak makaten.

Pelikan andjebloeg.

Kala 25 Sept. kinten-kinten djam 3 éndjing, ing pamelikan Poeloe Laoet wonten djebloegan gas, margi kala samanten wonten tjiang oedoed.

Tjiang ingkang kataton wonten sadasa, ingkang nemen sanget, sarta ingkang sekawan keladjeng pedjah.

Post oedara Nederland — Indonesia.

Pranatan opisijil.

Wiwit 25 September, post oedara Nederland — Indonesia, dipoenajati malih. Saladjengipoen montor maboer K.L.M., pangkatipoen saking Amsterdam 2 October, 6 Oktober, 30 Oktober enz., datengipoen wonten Medan tanggal 5 Oktober, 12 Oktober, 26 Oktober, 9 November, enz. . . . , ladjeng dinten tjadakipoen doemoegi ing Palémbang, Betawi toewin Bandoeng.

Wangsoelipoen saking ngrikoe: bidentalipoen saking Bandoeng: 17 Oktober, 31 Oktober, 14 November enz.

Dintenipoen ingkang kapisan ingkang wawratipoen kirang saking 20 gram, kakintoenaken saking Soerabaya oetawi Bandoeng dateng

'sGravenhage, manawi kabekta monitor maboer doemoegi Médan, saking

ngrikoe ladjeng kakintoenaken medal kapal mail, poenika kenging waraga

post oedara 10 sén. —

Konprensi Boepati.

Béndjing taoen 1931 poenika, ingkang Witjaksana badé damel moe-sawaranan Boepati Djawi Kilèn, Goepernoer Djawi Kilèn poenika déné para residèn ing koekoeban ngrikoe, perloe angrembag prakawis ingkang magepokan kalijan pangréh pradja tjiang siti.

Konprensi waoe bokmanawi kémawon dawah wonten woelan Maart 1931.

Prakawis rembag-rembag kapoen-doept soepados loemados sadérèng-ipoen tanggal 1 December ngadjeng poenika. (A. I. D.)

Kaboedidajan dipointoetoe.

Onderneming ing Goenoeng Sindoor, bawah Borneo, djembaripoen 1200 baoe, wiwit 1 October poenika dipointoetoe. Dajaning malaise!!

Pitoeloenganipoen Tiongkok.

Gandèng kalijan kobongan ing Pontianak ingkang andadosaken kaitoenoenipoen sadérèk Tionghoa katalah, paréntah Kabangsan anda-

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

AMERANGI LINTAH DARAT.
GEMEENTE SOERABAJA INGGIH BADÉ TJANTJOET!

Para maos! Sampoen lami panoen-toen - panoentoen anggènipoen toe-mandang amerangi lintah darat. Inggih lintah-darat ingkang saja da-noe saja katawis krodanipoen adamel kapitoenipoen bangsa Indonesiërs. Sinten ingkang kentjokan sasakit satoenggal poenika, sasat kados ka-poeler ing sendjata ranté, angèl oe-tjoejoel-oetjoelaipoen!

Amila, sinten kémawon ingkang tresna kalijan bangsanipoen, kedah ambijantoe aksi waoe.

Menggah ichtijaripoen para pa-noentoen warni-warni. Ingkang kah-tah ladjeng angedegaken babatlon alit-alitan känggé dadagangan (co-operatie). Para warga kawadibaken tetembas wonten ngrikoe. Koperasi makaten poenika ing Semarang, Mataram sampoen wonten. Malah ing Soerabaja kabaripoen saben pakam-poeng sasat wonten babatlonani-pone kantja alit kados ingkang koela atoeraken poenika.

Manoet tjarijosoepen De Locomotief, College B. & W. anampékaken oesoel dateng gemeente raad ing Soerabaja, wigatosipoen nedya ame-rangi lintah darat ing peken-peken.

Ing salebetung Pranatan Peken badé dipointewahé pepatjak ngatjek-atjeki boten kenging tjiang pados kaeontoengan wonten salebetung koekoeban peken sarana njamboet-njamboetaken arta, inggih mawia patrap ingkang kados poenapa kémawon. Kadjawi makaten dipoenawisi kentjeng boten kenging nagih samboetan ingkang kaanakaken, wonten ing koekoeban peken. Temboengipoen ing basa Walandi: Wordt verbeden „op de terreinen der passar uit winstbejag geld uit te lenen in welken vorm ook, dan wel afbetalingen van een uit winstbejag geleende geld som te innen, (of pogingen daartoe aan te wenden).”

Katjarisos, manoet oengelipoen koran waoe, ing Pasoeroewan toewin Kediri pranatan makaten poenika sampoen toemindak.

Pandjenengan sampoen sami pirsa, ing Soerabaja poenika dados kedoe-ning ébah'an merangi lintah darat.

Amila, saopeami gemeente anidakaken oesoel waoe, poenika nama animbangi ngrekaosipoen para pa-noentoen ing Soerabaja anggènipoen sami kroda angempakaken dadamel warni-warni amrih leboering pakar-janipoen lintah darat.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG

Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON DUNLOP RIJWIELEN
R. I. W.
Nitjil kenging! — Kentjèng soekoer!
GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELE. 508.

TOKO BARANG - BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak - anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak - anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN
MOERAH SEKALI!

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATIJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah, dan paling baik
boewat pembikinannya.

ROTE - ROTIE, KOEWEE - KOEWEE dan
BESCHUIT - BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-
ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die
giling dengan machine Electries, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an
die tanggoeng sampee menjenengken, harga per
pond f 0,90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedijken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.

TJET GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo;
sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJET GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet

namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;
5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R.B. FRIELING

Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

Waragad kanggé sadjawining
nagari (Buitenland).

ECONOMIE.

ANDJOENDJOENG BANGSA.

Bravo! Makaten oesiking manah, sareng koela maos goebahanipoen sad. A. Boegel ing Swara-Tama no. 38 poenika. Bingahing manah koela tanpa oepami, mongkog ambedodog saredi anakan agengtipeo. Koela sakomplot ingkang oegi manggèn wonten ing doesoen, malah kesing-sal wonten pérèng redi roemaos angsal sad. ingkang angekahaken tékading manah koela sakantja. Mila koela ingkang pantjén étja-étja tilem, saréhning soemerep idamidaman koela meksa inggih ladjeng kapeksa brangkang-brangkang pados soewékan kertas toemoet - toemoet animbroeng oeroen rembag.

Para sedérèk! Pangandikanipoen sad. A. Boegel poenika pantjén pantes sami koela gatosaken sasaged-saged oegi kedah sami koela tindakaken. Pantjén padatan oetawi datatjara - tatatjara kados ingkang dipoenpangandikakaken sad. A. Boegel poenika anggalang-alangi dateng kamadjengan kita Djawi. Sinten ingkang saged ambéngkas pepalang waoe pantes sinoedarsana, moenggoeh sineboet „pangandjoer Djawi ingkang sadjati“ lan koela keploki saking poetjaking redi: „Bravo, de ware Volksredder! Minoelja Sang Pangreowating bangsa!“

Manawi pandjenengan sami toe-menga manggingil, sanalika priksa gebjar-gebjar, tanah Djawi ketinggal soemorot mawa tédia angengoe-woeng, kados-kados sampoen sa-mestinipoen jén tanah Djawi ladjeng mandiréng, koewagang madeg pri-badi, sampoen boten pantes tn. Djawi taksiba dados kolonie. Lo, saréh ta, sadérèk! Pantjén kasing-gihan margi ingkang sami koela sawang waoe namoeng ingkang pantjén sampoen gegedoeg saësto, oepami para Dr. Ir. Mr. lan Rr. sa-nésipoen ingkang genah sampoen saged. Nangking poenika waoe pijambak, tanpa sadérèk sanésipoen waoe sampoen mrantasi? Mila manawi koela noléh dateng badan kerep. Sasat oela marani geboeg, manawi meksa nékad.

Sampoen sawatavis dangoe koela sakomplot sami njobi boten perloe njoembang dateng tijang gadah damel. Dipoenendoang, dateng, na-ning boten njoembang. Pantjén inggih radi awrat sadérèk, awit mestii kerep kanggè patjian, kanggè sambèn timbang nganggoer oetawi kerep dipoenpléroki saking kiwa tengen, nangking boten dados poenapa. Alle begint is moeilijk. Pan-tjén inggih njata.

Soembang - soembangan poenika koela pantjén boten mafok, kedjawilo, toemrap tijang kasangsaran oe-tawi kapesan, poenika sasaged-saged kedah dipoenpitoeloengi. Kados déni tijang gadah damel mante, tetesan enz. poenika waoe sadararak sampoen dipoenpikir oetawi dipoenrantjang sadérèngipoen, dados sampoen saged nginten-nginten lan saged ngoekoer sapinten kakijatani-poen. Malah wonten oegi tijang ingkang gadah damel, ingkang dipoenpentingaken anggénipoen badé pados soembangan, poenika klintoe sanget, lepat-lepat dados bajangan. Jén mila tatanan soembang - si-noembang ing Djagad Djawi taksih lestantoen kados samangké poenika, economie Djawi langkoeng - langkoeng ing padoesoenan mesti boten badé mindak saé, amargi gék sa-pinten kémawon telasing arta ing satoen-taenipoen ingkang toeman-dja dateng soembangan. Kados pa-ngandikanipoen sadérèk A. Boegel, terkadang jén boten gadah arta sok ladjeng poeroen nabruk dateng lintah darat. Boten sakedik sadérèk ingkang sami dados memangsaning lintah darat. Koela takèk-takèkaken oetawi koela étang-étang saremanipoen arta njamboet dateng Tionghoa mindring poenika ratjak-ratjak 300% satoenipoen. Dados saben satoen gadaah pamedal f 40, poenika, inggih kanggè betah pijambak f 10, sanésipoen f 30 kanggè preséning Tionghoa. Wah, poenapa boten badé kasakit-sakit sateroesipoen. Dateng poendi toemandjanipoen arta ang-génipoen sami njamboet damel para sadérèk koela Djawi? Mangga para maos koela atoeri menggalih! Mangga sami toemandang andjoendjoeng bangsa, anjirnakan pepalangging kamadjengan.

Ing wasana sadaja wawasan koela waoe mangsa borongga. Noewoen: Arga poera 24-9-'30. Poen PAK. TA.

Bab I: boten perloe koela atoer-aken pandjang-pandjang, ing ngrikoe sampoen tetéla: I. margi nitik ka-wontenipoen balé pémahan. Kaping 2 nitik tedanipoen ing saben dinten kémawon katah ingkang tjomprang - tjampiring sanget, ingkang toendenipoen ladjeng dame rendetipoen bab II. inggih poenika kamadjengan. Margi saking kekirangan waoe katah sanget sad. ndoesoan ingkang ladjeng éman-éman njakolahaken anak, witjant-enipoen sok makaten: „Ming anak koela mon kok, dén! Disekolahké nikoe adjeng dadi napa?“ Awit ga-ganipoen: „Sekolah koewi rak mbajar barang, toer pangangoné ija koedoe pantes, doeroeng mesti bisa dadi prijaji. Aloewoeng dikon glidig menjang tebon, oléh lima-las-sen sadina lowoeng, kena kanggo tambil boetoe.“ Langkoeng malih laré éstri, wah sampoen ta angél-ipoen ngoedoebilah, langkoeng-langkoeng ing mangsa panèn! Manawi pandjenengan ngadani sekolahán éstri wonten ing doesoen ing ngrikoe badé terang sapinten kemadjengan-ipoen laré ndoesoan. Mangka laré éstri poenika inggih perloe sanget pinter lan tampil toentoonan ingkang saé, amargi ing tembé badé dados iboe. Mangka iboe poenika pandeméng bangsa. Samangsa para iboe sami kampijoen anggénipoen ang-goela - wentah, poeta - poeta ing tembé mesti katah ingkang dados djago patohan.

Para sadérèk! Pantjén inggih boten anggoemoenaken manawi sad. ndoesoen poenika sami katah ing-

kang tjomprang - tjampiring, awit pamedalipoen boten sapintena toer kapeksa ngadalaken betah katah sanget, ingkang perloenoipon kanggè noetoeti temboeng „loemrahing oe-wong.“

- a). Bab soembang - sinoembang
- b). Tata-tjara ndoesoen: Roewah-an, Moeloedan, maleman, Soeran enz.
- c). Sedekahan: Njoengkoep, ngidjing, njoertanah doemoegi njéwoe.
- d). Tata tjaraning ngagesang: mantoe, tetakan, tetesan, tingkep, ngliman, brokohan enz. enz.

Mangga para sadérèk koela atoeri ngétang pijambak telasipoen prekawis ing nginggil waoe, ingkang kajetja ing a.b.c.d. Mila koela inggih moefakat sanget dateng tje-loeloekipoen sad. A. Boegel. „Apa kaja mangkono maoe ora betjik dilangi baé ta?“ Koela sakomplot matoek kasoeken oetawi tata-tjara ingkang tanpa goena poenika itjal babar pisau. Kados déni gadah damel: mantoe inggih sapantesipoen kémawon, noléh dateng wragadipoen roemijin, sampoen kok ladjeng ndjágékaken soembangan, géjong-géjong anggantoeng gong, bareng boear omahé nglojong. Makaten poenika kirang nalar sadérèk! Sampoen adjrih dateng temboeng „Ora loemrahing wong.“ Limrahipoeng ing doesoen sami adjrih dipoenengel-aken „ora loemrahing wong.“ Woe-sana sanadjan ndjoengkir ndjempalik inggih dipointemah anggeripoen boten kataman tetemboangan waoe. Tetemboangan waoe kedah dipoen-singkoer ingkang tebih, namoeng kedah amenggalih „migoenani apa mitoenani, begdja apa tjilaka.“ Jén badé aniwasi sampoen dipoenlam-pahi. Sasat oela marani geboeg, manawi meksa nékad.

Sampoen sawatavis dangoe koela sakomplot sami njobi boten perloe njoembang dateng tijang gadah damel. Dipoenendoang, dateng, na-ning boten njoembang. Pantjén inggih radi awrat sadérèk, awit mestii kerep kanggè patjian, kanggè sambèn timbang nganggoer oetawi kerep dipoenpléroki saking kiwa tengen, nangking boten dados poenapa. Alle begint is moeilijk. Pan-tjén inggih njata.

Soembang - soembangan poenika koela pantjén boten mafok, kedjawilo, toemrap tijang kasangsaran oe-tawi kapesan, poenika sasaged-saged kedah dipoenpitoeloengi. Kados déni tijang gadah damel mante, tetesan enz. poenika waoe sadararak sampoen dipoenpikir oetawi dipoenrantjang sadérèngipoen, dados sampoen saged nginten-nginten lan saged ngoekoer sapinten kakijatani-poen. Malah wonten oegi tijang ingkang gadah damel, ingkang dipoenpentingaken anggénipoen badé pados soembangan, poenika klintoe sanget, lepat-lepat dados bajangan.

Jén mila tatanan soembang - si-noembang ing Djagad Djawi taksih lestantoen kados samangké poenika, economie Djawi langkoeng - langkoeng ing padoesoenan mesti boten badé mindak saé, amargi gék sa-pinten kémawon telasing arta ing satoen-taenipoen ingkang toeman-dja dateng soembangan. Kados pa-ngandikanipoen sadérèk A. Boegel, terkadang jén boten gadah arta sok ladjeng poeroen nabruk dateng lintah darat. Boten sakedik sadérèk ingkang sami dados memangsaning lintah darat. Koela takèk-takèkaken oetawi koela étang-étang saremanipoen arta njamboet dateng Tionghoa mindring poenika ratjak-ratjak 300% satoenipoen. Dados saben satoen gadaah pamedal f 40, poenika, inggih kanggè betah pijambak f 10, sanésipoen f 30 kanggè preséning Tionghoa. Wah, poenapa boten badé kasakit-sakit sateroesipoen. Dateng poendi toemandjanipoen arta ang-génipoen sami njamboet damel para sadérèk koela Djawi? Mangga para maos koela atoeri menggalih! Mangga sami toemandang andjoendjoeng bangsa, anjirnakan pepalangging kamadjengan.

Ing wasana sadaja wawasan koela waoe mangsa borongga. Noewoen: Arga poera 24-9-'30. Poen PAK. TA.

KASARASAN.

SADAJA INGKANG MAÉDAHI SAM-POEN NGANTOS ITJAL KASILEP!

Poenapa ta poenika, teka maéda? Djampi wedalan saking redi Kawi. Lo teka dédi djampi wedalan redi Himalaja, redi Slamet oetawi Mer-baboe? ambok djampi wedalan redi Merapi, awit kabariopoen redi lateo poenika panggénanipoen bangsa sé-tan, éblis toewin perajangan? Ab boten sadérèk, awit poenika djampi kanggè bangsa Djawi, wedalan tanah Djawi ingkang pantjénipon kedah kanggè, sabab m a é d a h i , nangking saréhning katah tijang ingkang dè-rèng mangertos mila badé koela andaraken kagem sadérèk - sadérèk Djawi, sampoen ngantos barang ingkang katah paédahipoen ladjeng

itjal kasilep, boten naté kagem djalaraan boten naté kapires oetawé dèrèng naté priksa.

Ratjakipoen prijantoen Djawi, bilih oeroes-oeroes sami nganggè kastrol, wonderolie of kastrolie; nalika koela taksih dados moerid taksih sekolah manawi oeroes-oeroes inggih nganggè kastrol, toembas ing toko 10 sén oetawi 3 benggol sampoen tjekap. Sapoena manawi koela oeroes-oeroes boten nganggè kastrol, nangking nganggè djampi majar i.p. t j r a k è n . Temtoenipoen para sadérèk wonten ingkang goemoen mireng temboeng tjarakèn? Inggih, saweg mireng sapisan poenika, kados poenapa roepinipoen? Agengipoen sapinten lan raosipoen kados-poendi? Tjarakèn poenika warnini-poen djené soelak petak, wangoen-ipoen boender londong, agengipoen sadjarak kepjar kapara radi alit sakedik, déni paédahipoen kanggè ngresiki madaran kotor alias oeroes-oeroes. Sinten nedya oeroes-oeroes kenging moendoet ing peken pang-génanipoen tijang sadé djampi; kalih sén angsal 4 idji. Tjarakèn 3 idji kémawon sampoen tjekap saged ngresikaken madaran reged satoeng-gal. Tjarakèn waoe ketjeteka kaboe-tjala tjangkokipoen, soepados isini-poen ingkang awarni petak saged adjoer, toemoentoen kaental nganggè pisang moerih isi poenika boten nggep ilat, sabab jén nggepok anggadaha raos a o, r, ngantos 10 - 15 menit raos waoe saweg itjal.

Endjing kaoental, watasis 4 a 5 djam anggénipoen ngadalaken rere-ged sampoen saged toentas. Majar saëstoë djampi poenika, ngoengkoeli kastrol, saenipoen.

- I. Salebetipoen ngadalaken rere-ged (mbeboetjal) boten oeneg-oe-nege kados nganggè kastrol.
- II. Gampil pangoentalipoen, tjekap nganggè pisang 1/3 oeler toer boten ngganda sarta boten ndje-djenesi kados kastrol.
- III. Reginipoen mirah jén kleresan 1 sén sampoen njekapi angsal 3 idji, déni kastrol 3 benggol of 1 ketip saweg saged nge-dalaken rereged; sanésipoen poenika ing salebetipoen oeroes-oeroes asring taksih ngganda kastrol.

Para bakjoe-bakjoe ing Internaat-Interaat sarta sadérèk sepoeh-aném manawi sapisan sampoen njobi nganggè tjarakèn, kaping kalih saha saladjengipoen temtoe kapok nganggè kastrol. Poenapa ta perloenipoen kita toembas djampi wedalan tanah mantja, jén kita sampoen jakin soemerep paédahipoen djampi Djawi ingkang langkoeng saé sarta langkoeng énggal njarasaken sasakit, toer reginipoen mirah panganggénipoen majar, njobi sapisan teroos nganggè salaminipoen . . . kanja-taan sampoen linampahan déning sadérèk Djawi maëwae-éwoe. *)

P. Brata Amiséna.

BEZUINIGING!?

Sampoen kaping pinten Sw. Tim. ngemot karangan ingkang atitel BE-ZUINIGING?

Nangking koela meksa poeroen ngadalaken ingkang atitel kasebat. Margi pangiridan waoe boten sem-barangan - sembarangan kémawon, nangking ingkang badé dipoenbezui-nig bangsa kaoem djempolan.

Sinten ingkang badé dipoenbe-zuinig?

Sadérèngipoen, koela njoewoen pirsas doematep para maos, sinten ingkang limrahipoen dipoenbezui-nig?

Prijantoen, lan koeli-koeli, sam-poent, tjkakipoen bangsa kaoem berah; rak inggih ta?

Nangking bezuiniging ingkang badé koela atoeraken poenika, sanés bangsa prijantoen. Nangking kaoem minta-minta; inggih poenika para tijang miskin ingkang dipoenope-ka-ka ing Armentehuis „Panti Poer-bo Ewoenoing“ ing Klampok (Brebes). Menggah alasaniipoen kas voeding ing Regentschapsraad Brebes telas. Nangking begrooting kanggè sanés-sanésipoen taksih.

- o -

Ing taoen 1917, nalika pandjen-nanipoen Kangdjeng Boepati Soemartono swargi; taksih djoemeneng

*) Poenapa tjarakèn waoe sampoen naté kapriksa (onderzocht) ing dokter winasis? Jén dèrèng, moegi wontena ingkang mirkasakan, soepados sagead kajektèn, manawi tjarakèn waoe maéda hi tanpa niwas. Jén sampoen, poenapa pemanghiipoen inggih kados makaten? Jén inggih, soekoor sanget. Awit poenika rak ladjeng saged dados toeking kasi lan dados djar-djoraning kastrol; pantes karatakken ing tanah Djawi, malah pantes oegi kawedalaken dateng tanah saé.

Jén mila pantjén makaten (= tjarakèn maéda hi tanpa niwas) tjobi, énggal katandanga, sampoen ngantos keroemijinan ing tijang sabrang, sampoen ngantos kareboet ing sanés! Lan poenapa ladjeng badé mokal adeging pabrik tjarakèn Djawi, ingkang njebar wedalanipoen ing saloemahing dijadag: ing Indonesia, Asia, Eropah, Afrika, Amerika, Ostralialah!!

Boepati Brebes; ing doesoen Klampok katah tijang kapinten; sami doemawah ing kattingkrangan, woë-sana sami nedá-neda dateng ing peken-peken.

Saking welasing ingkang Boepati kasebat dateng para tijang miskin waoe; oetawi saking kirang renanang manah; bilih bangsa kita katah ingkang klarahan kadya klaras; ingkang Boepati ladjeng ngawontenaken grija kanggè tetijang waoe. Nangking nali-ka poenika meksa dèrèng maremak-ing manah. Margi ingkang dados Beheerde tijang limrah kémawon. Dados tetijang miskin kirang op-voedingipoen.

Kotjapa ing taoen 1929 Beheerde der gantos djempolan.

Para tijang miskin ingkang gadah sesakit dipoenjampéni ngantos mantoen; kadjawi poenika sami dipoenisa-nya handenarbeid seke-dikan. Laré alit-alit kasekolahaken. Ingkang poenika koela matoe: „Banjak trima kasih, toean D. Sia-gian. Beheerde P.P.J. di - Klampok, atas toean poenja pendidikan.“

Nangking meksa wonten malih ingkang gadah gelaning manah; déni voedingsbegrooting ngantos telas. Lan nalika tanggal 4-9-'30 teti-jang ingkang ketingal ragi saras kapoerih késah saking ngrikoe. Ti-jang ingkang sami wangsoel wonten 43, lan kantoen 48 (mèh 50%).

Temtoe kémawon tijang ingkang taksih gadah sanak-sadérèk lan grija, boten mekwoeh. Jén ingkang nihil kados - poendi?? Mangka djaman samangké tijang pados menir ngre-kaos sanget. Tijang ingkang nihil waoe kinten-kinten inggih wangsoel dateng ngandap kretek malih.

„Doeloe orang miskin di tjari.“ Sekarang orang miskin di lem-par.“

Tijang ingkang sami wangsoel waoe sadjak sami sisah lan getoen, nilar P. P. J. djalaran wonten ngri-koé sami ngraosaken seneng.

Poenapa boten kenging kanggè neboeki begrooting sanésipoen waoe? Poenapa boten badé katah tijang miskin toeroet loeroeng lan pasar malih?

Boten langkoeng koela namoeng gadah pangadjing-adjeng soepados P. P. J. bérès malih.

Noewoen koela H. ijo ta?

VARIA

SINTEN NEDA LOMBOK DJEMPLING, ANDJEMPLING.

SINOM.

I
Doeh prikantja ingkang samya Memajoe ajoening boedi Oeloen dahat tjoemantaka Toer noepika mrih oetami Kanggè mangsa poenika Gya ambirat watak kaloet Tjari pendok kang soepadya Makoléh diri pribadi Karja tjamat tanapi tjrahing kekadang.

II</

Rampoeng anggènipoen saminglebetan biting, penonton ladjeng wiwit ramé malih, rebat ngadjeng mergi badé soemerep anggènipoen ndoedah. Doemoegi pada loengsnipoen sada 176 mlebet dateng boemoeng 3, poetaesaniipoen ingkapetjah roemijn pikantoek 25 idji no. II " 47 " kantoen pijambak "104 "

Dérèng rampoeng pangéntangipoen ingkang kantoen pijambak; sawoeng 2 ingkang kapetjah roemijn boemoengipoen sampaen sami ngetjap gadjah (alias mbolos). Katetepan ingkang kantoen pijambak ingkang dados mergi pikantoek sepalih langkoeng. (104 ngaten).

Tetijang sampaen sami bibaran; kantoen ingkang dados kalijan bantara setèn Doekoeng ingkang kantoen; paring sesorah oetawi andaran katah-katah dateng mas loerah anjar katon.

Panjerat oegi ndérèk memoedji soepados mas loerah énggal sageda énggal dateng bab-bab ingkang sampaen dipoenlampahi nalikanipoen saweg badé madjeng.

Boten langkoeng ngatoeraken pa-soegengan. (P.f.).

Déné sebab - sebabipoen loerah inkang dipoengetosi mbokmenawi boten soesah koela atoeraken wonten ngriki sampaen tjeta; ingkang temtoe babagan paos oetawi sampaenika wonten malih inggih poenika bon gendèng (gendèng pest-bestrijding).

Sanadjan panjerat boten kétjalan oetawi; wék-wéké déwé, tomoet éman sampaenika ladjeng. kesangeten: inggih menawi wéké déwé saëstoe boten patosa; manawi ladjeng mrènèk; kadosta kagoenganipoen negari oepami paos; rak sisah, kirang bedjanipoen masoek kandang tikoës; hotél goepémén; gratis. Vrij van port.

Penonton J. KOES.

SAJOEMBARA.

Pemimpin inggih poenika orgaanipoen P.P.B.B. (Perhimpunan Pegawai Bestuur Boemipoetera), ingkang nembé medal poenika, njarijosaken bilih wiwit Augustus '30 saben 2 woelan sapisan badé damel sajoembara karangan, ingkang maksoeding karangan katetepaken déning red. pijambak; lan sinten ingkang saged poetoes badé tamipti gandaran boekoe.

Kanggé wiwit sajoembara poenika redactie milih ingkang gampil, inggih poenika: Kados-poendi réka dajanipoen ngadjengaken pameloangan doe-soen.

Tjoben-tjoben sajoembara inggihnggil poenika saé sanget, djer poenika ngantawisi, manawi redactie P.P.B.B. mengalih ésto dateng adjenging pasinaon, ingkang mila njata ageng paédahipoen dateng para kawoela.

Nitik sajoembaranipoen ingkang kanggé wiwit poenika, koela saged mastani wontenipoen pemimpin saben-saben badé damel sajoembara poenika, boten namoeng badé ngangkah katahipoen loemebeting karangkarangan kémawon, wangsoel badé ngangkah soepados para prijantoon B.B. saged saja damang lan nggam-pilakan toemindaking anggènipoen nindakken koewadjiiban; djer para prijantoon B.B. makaten saëstoe-nipoen inggih dados panoentoening para kawoela ingkang roendonipoen saged mikangsalaken para kawoela (moerih kabegdjaning bawahipoen) dados boten namoeng ngentjengi panariking paos, mbalapaken para loerah-loerah bawahipoen rebat roemijn ngloesi paos dateng koléktoran, njaekaken pager-pager pakawisan, mijaraken margi-margi doe-soen moerih para lelana mawi motor sampaen ngantos ketjoewan langkoeng malih para toean?....

Wedalipoen sajoembara ingkang kaseboet, mratjihnpai manawi Pemimpin gadah kajakinan: jén prijantoon P.B. ngadjengaken pasinaon poenika boten tjekek sranan dawoech kémawon, nging kedah mboedi daja kados-poedi srananipoen. Ingkang makaten poenika mila kasinggihan sanget. Djer tijang sepoeh ingkang anggènipoen njekolahaken anak namoeng adjrih dateng dawoech, adjrih manawi badé tamipti doeka saking Bendara Wadana oet. Bendara Setèn, poenika sasat boten teges. Boten sekedik loerah-loerah oetawi prabot-prabot doe-soen ingkang nalika andawohaken sekolah-mawi dipoenembel-embeli tetem-boengan: ora kétéoeng nèk wis mleboe sasasi rong sasi ndjoer metoe kaé, anggeré saiki wis kétok sekolah raka kena. Lidok, ing wiwitinan woelan pasinaon moerid saged njekapi katahipoen, dèrèng ngantos setengah taoen tja-tjähing moerid énggal sampaen boten wonten sepalih, moerid lami soemerep kantjanipoen saja soeda toemoet béka, kerep boten mlebet,

kerep pamit roepi² santolanipoen, poen goeroe kedah kerep moeroegi dateng grianipoen, apes meling-melingaken dateng kantjanipoen ka-perih mlebet.

Réhné moerid ingkang medal katal mas goeroe ladjeng pikantoek tjap boten saged moelang, boten saged momong laré, kekerengen lsp. saking ndara Siner ndara Setèn oetawi ndara Dana. Mangka inggih makaten poenika wohipoen pasinaon ingkang namoeng mligi saking dawoech. Andékpoina wonten A.W. ingkang boten rena kanti sanget bilih wonten goeroe ingkang ndérèk koprénsi oetawi kempalan doesoen, ingkang perloenipoen badé ngrembag moerih adjenging pasinaon; ngendikanipoen sampaen kekerepen anggènipoen ngrembag, toer oepami dipoensoeweni priksa: ing salebetipoen setaoen anggènipoen ngrembag moerih adjenging pasinaon wonten koprénsi distrik oet. ond. distrik oet. ing kempalan doesoen, sampaen kaping pinten? Kinten koela A.W. waoe anggènipoen paring wangsoel meksa radi ketjipoehan. Sampaen tebih keplantrang koela, sampaenika wangsoel bab sajoembara. Ing sarehne adjenging pasinaon poenika tjeta boten tjekek dipoekestanan dawoech, mila matoek sanget wontenipoen sajoembara kaseboet nginggil.

Sadérèngipoen sajoembara tatas (rampoeng), panjerat tjaos pamrajogi dateng para kawogan ngadjengaken pasinaon, moegi sadérèngipoen dawoech, langkoeng roemijn ingkang badé kadawoehan kangertosna bab paéda lan kanggénipoen sekolah. Soepados ingkang dawoech lan ingkang dipoenawoebi saged ngretos preloenipoen sekolah, temahan ingkang tamipti dawoech saged sregdoenoeng, ngretos, ngemen-emena-ken pamredining anak dateng adjenging pasinaon. Saja matoek milah manawi dedawoehan waoe mawi dipoenboekani kowadibani ningtijang sepoeh dateng anak. Déné jén sajoembara sampaen rampoeng moegi ladjeng kaagema toemandang, kagem sesoeloeh lan nggiring lare² Indonésia djaler-éstri dateng pameloangan ing Indonesia tanpa mawi pilih².

Pemimpin P.P.B.B. anggènipoen ngedegaken sajoembara boten namoeng sapisan poenika. Ing nginggil sampaen koela atoeraken bilih badé sateroesipoen saben kalih woelan sapisan. Ing nginggil koela oegi sampaen nginten bilih kadjengipoen boten namoeng kanggé ngatahaken lebeting karangan, nanging kanggé njampoenakken anggènipoen koe-wadjib dadas panoentoening para kawoela. Ééé poenika panginten; boten namoeng moegi-moegi panginten koela waoe sageda njata (kelampahan saëstoe). Anggèn koela njenjoewen moerih panginten koela netesi, namoeng ngéngerti genging paédahipoen jén ta makatena. Dados boten ngangkah dipoenwastani metek.

Njambeti anggèn koela sampaen keladjeng meték antjasipoen Pemimpin P.P.B.B. ing nginggil bab anggènipoen ngadegaken sajoembara, koela satengah mestékana jén oegi badé ngedegaken sajoembara: kaprijé réka dajané ngadjokaké tetané, réka dajané ngilangi lintah darat, réka dajané ndjaga kasoesilan, réka dajané mbetjikaké économie para kawoela lan sapanoenggilanipoen.

Panjerat sasat nemtokaken jén P.P.B.B. oegi boten marem jén namoeng pinanggihing réka-daja rékadaja ing nginggil kémawon, nanging oegi ngorong dateng boekintipoen.

Anggèn koela kami-poeroen nginten-inten bab antjasipoen P.P.B.B. ingkang medal margi adjenging sajoembara kados oréhan ing nginggil boten nama ngonggrong P.P.B.B., nanging oegi ngéngerti tjaraning padas pakoermatan (adji) oetawi daja prabawa ingkang sampaen kaserat ing Pemimpin P.P.B.B. ingkang koela wastani ngambah margi ingkang saé leres lan mitajani, inggih poenika ingkang moengel makaten: sekalian bawah perintah mesti merasa, bawa dirinja ada di bawah itoe Chef tiada lantaran pangkatna (lebih rendah) akan tetapi lantaran dari kelakoean, dari tabiatna (keloeboeran batin), dari pengetahoean, dari kepadaan, dari ketjakanan, dari keradjinan dll. Saëtönenipoen ingkang kedah makaten waoe boten namoeng Sèp kémawon, nanging oegi toemrap para prijantoon sanèsipoen.

dll. (dan lain-lain) ing nginggil panjerat ndérèk njetakaken setoenggal oepami: „dari sikapna P.P.B.B. jang bermaksoed seperti maksoed perlombaan jang saja (H. Tjitra rentjanakan diatas.)⁽¹⁾

(1) Wohan poenika kadjeng koela boten namoeng toemrap kadjéning para Chef; nanging oegi oemoeing prijantoon B.B. Matan oegi tindakipoen Chef kados ingkang kinadjengaken ing Pemimpin P.P.B.B. boten namoeng ndajani para kalérehan, nanging oegi ndajani dateng kawoela oemoem.

H. Tjitra.

Minangka panoetoep koela ngambali pamoedji koela sepihan engkas: moegi-moegi panginten koela ing bab antjasipoen P.P.B.B. ing bab wonten sajoembara sagedatjotjog!

H. Tjitra.

PAKABARAN.

SAKING KLATEN.

Sérkoelér boten pareng main.

Sampaen sawatavis woelan poenika, ing Klaten langka prijantono sami main, katitik jén noedjoe wonten ing padjagongan, namoeng sami omong-omong kosong, menggah sababipoen: nalika dd. 25 Juli '30 Kantor-kantor goeperméan, saha pameloangan goepermén sami tampi Sérkoelér saking A.R. kados ing ngandap poenika:

Lantaran soedah beberapa kali kejdjian wang kepoenjaannja goepermen digelapkan oleh pegawe goepermén jang djadi tanggoengan ambtenaarnja masing-masing, dengan soerat ideran Kangdjeng Toewan 1e. Gouvernement Secretaris tertanggal 4 ini boelan no. 1481/A.I. telah disijarkan titah Kangdjeng Toewan Besar Goebertoer generaal akan melarang pada ambtenaarnja kawoela Gouvernement, baik jang poenoing tanggoengan wang atau tida, boeat berdjoeidi atau toeroet permanain lainnya jang bertaroekan wang.

Barang siapa jang tak mengindahkan perintah diatas akan diperlakukan „tidak menetepi wadjib dan bisa dilepas dari djabatanja, dengan atau tida dengan hormat“.

Makaten oengeling sérkoelér waoe, mila sadaja pegawai goepermén ingkang tesis ngowel dateng kallenggahanipoen, manoet oengeling sirkelar, tomoet abang-idjo kawawon inggih sampaen boten wani, jén noedjoe mirsana balapan inggih boten wani totchan. Éwasamanen nadjan koela pijambak kala-kala jén wonten abang-idjo inggih sok toemoet. Sérkoelér waoe mesti koela aosisanget, malah sageda boten ngemoengaken pegawai goepermén.

Bebajaning main lan ngabotohan sanésipoen.

Para sadérèk.

Pandjenjen sadaja tertamoe boten sami keklipan, jén tanah kita Indonesia ngriki sampaen lami katradjang ing ama ingkang saged ndjalari damel moendoering ekonomie lan kemadjenganipoen bangsa kita Indonesi. Inggi poenika main oetawi ngabotohan sanésipoen.

Pinte-pinten bangsa kita Indonesi, inggih tijang alit, inggih prijantoon ingkang sami ketradjang oetawi nggeboer toemoet main oetawi ngabotohan makaten. Kang mangka jén sampaen katjokot lan kerepglamping, ladjeng toeman, woesana ladjeng dadas karemnan. Jén boten.....ngraos gela, ketagihan, Angél anggènipoen saged manteoni oetawi, medot babar pisan. Ingkangmekaten waoe. pantjen memelas, éman.....sanget!! Amargi:

Karemnen main oetawi ngabotohan kejdiani saged ndjalari moendoering ekonomie lan kamadjengan, oegi saged ndjalari ngrisakan kesarasan, gesang lan ngéterakan pendamelan. Jén kawon kerep saged noewoahaken gagasan ingkang boten saé oetawi dadas raboecking lintah darat, ingkang saweg kaeodi késahipoen saking tanah kita ngriki déning para pengandoer-pengandoer Indonesi.

Langkoeng memelas lan mesakan malih anakipoen, ingkang pantjenipoen kedah kasekolahan, kasedi dateng kemadjengan. Nanging makaten waoe poenika saged toemindakan kawontenan-kawontenan kasbat nginggil, oe-gi sanget njedokaken anggènipoen netepi koewadjiban dawoeching iboe kita Pesamoan Katholieke. Malah ingkang katah saking anggènipoen karemnen, ladjeng verlof.

Sampaen semanten kémawon roemijn, bêndjing minggoe ngadjeng kepanggih malih. Aksamanta, laré Pangén. Percy Blakeney.

SAKING POERWAREDAJ.

Poenapa prajogi kerep wonten tettingalan?

Sanadjan kita Poerwareda jita alit, boten patosa ramé lan sepi ing tettingalan jén ta katimbang kallijan Ngajodja, Solo, Semarang, i.s.p., anangging ing salebetipoen woelan Juni t/m September taoen poenika kékeng koela wastani panoedjoe djamah tettingalan, kadosta:

1. Woelan Juni pasar malem Mardi Siswa; angsal-angsalanipoen arta kartjis f14000.

2. Tanggal 30 Aug. t/m 1 September kraméjan (katah tettingalanipoen) kanggé miwaha djoemenengan 50 taoen.

3. Tanggal 30 Augustus t/m 13 September pasar malem Tiong Hoa, arta kartjis f18000.

4. Tanggal 17 September kedatangan setamboel Miss Riboet; saweg main 3 daloenipoen kémawon, arta kartjis ± f4100. Poenika kémawon taksih katah sadérèk ingkang boten ésto ningali, margi boten oman kartjis. Saladjengipoen koela boten njipati.

Déné mengah anggèn koela saged njaosi keterangan angsal-angsalanipoen arta kartjis. waoe, saking ngandikanipoen tepangan koela ingkang priksa lan kékeng pinitados.

Para sadérèk!

Mitoeroet angsal-angsalanipoen arta kartjis, kados ingkang sampaen kasbat nginggil, kita ladjeng sage soemerep: Semanten katahing arta, — mèh 98% medal saking sakipoen bangsa kita pijambak Indonesi, ingkang toemandja kanggé ningali (toembas kartjis) kémawon, namoeng ing salebetipoen woelan Juni t/m September.

Poenapa inggih sampaen tjekek, tijang tingali namoeng toembas kartjis tok? O, babar pisau boten. Terkadang kabetahan oetawi karemnan sanès, arta ingkang kawedalaken wonten ing tettingalan ngrikoe (opeami ing pasar malem) kapara malah saged telas tikel 10 niplen.

N. B. Ing nginggil kasoepén dèrèng koela atoeraken, arta kartjis kanggé ing gedong bioscoop (1 panggén) à woelan ± f2000.

Para sadérèk.

Dados sampaen tetéla sanget, jén djagading tettingalan pantjen moeta-watosi lan ndrawasi dateng adjenging ekonomie-nipoen kawoela Indonesi. Langkoeng-langkoeng jén papan kerep wonten tettingalan ing ngrikoe temtoe badé saja risak. — Risaking ekonomie saged ndjalari kiring tentreming gesangipoen, ing wekasan saged oegi damel risak lan soedaning tata tentreming pradja rahajoe.

Kala waoe koela sampaen matoer jén kita Poerw. kékeng koela was-tani mentas djawah tettingalan. Saengteng ndadosaken goemoening manah, sareng mireng kabar boten dangoe malih badé wonten (kedatangan) koemidi harmston.

Jén kabar poenika mila njata, temen badé wonten éstoë, koela boten badé ngawon-awon oetawi natjad tradjungipoen Bestuur-ing pangrèh, pradja ing kita kasbat, anggènipoen badé karsa paring idjateng tettingalan waoe. Ing ngrikoe namoeng gadah pemanah lan koewatos: poenapa badé wonten tettingalan waoe boten badé damel saja wewahing risakipoen ekonomiing kawoela Indonesiers ing koe-koeban kita ngrikoe?

Lan poenapa boten prajogi katoelak kasrantsaken bêndjing taoen ngadjeng malih? Awit: tettingalan tettingalan kepengker sampaen damel wedaling arta pinta-pinten éwoe, lang kanggé ndjagi sampaen mèh woelan December kedah loenaens!!!

Wataking kawoela Indonesiers katah ingkang remen (karem) dateng tettingalan, senadjan sampaen kerep ningali pisan. Terkadang jén noedjoe boten gadah arta, katah ingkang dipoenréntjangi ambekta barangipoen dateng oom Jan (pe-gantosan) oetawi nabruk-nabruk moeroegi ngempih-empih padas samboetan dateng lintah' darat, anak-anipoen katah. Waton saged.....!! Ingkangmekaten poenapa boten prajogi kadagi?

Kados ingkang sampaen kasbat wonten ing serat kabar kita si Tjantik manis Sw. T. ngrikoi (no. 10 tg. 8 Aug. 1930) sedérèk: Soekatja metik saking de Koerier jén Bestuur-ing pangrèh Ngajodja men-tas noelak dateng panjoeuenipoen bangsa Tiong Hoa, anggènipoen badé ngadegaken pasar malem.

Dawoech mekaten mila aos saengteng panten ingalembana, ing jaoebajja — panten dados toeladanan Bestuur-ing pangrèh sanès panggènan — lan kita bravo, bravo saëstoe.

Badé damel saéning ekonomiipoen kawoela Indonesiers, damel trentreming gesangipoen, damel in-daking tata tentreming pradja poenapa milah damel soedaning moerid ingkang boten mlebet — kedah katjegah dateng kereping wonten tettingalan.

Sampaen semanten kémawon atoer koela, mindak eladjeng-ladjeng,